*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№33 (26485)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 27 февраль – æртхъирæны мæйы 27 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ÆМАРХАЙДЫ НЫСАНТÆ
Бадзырд бафыстой
3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ
4 ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Видеоконференци**

# Энергетикæ æмæ коммуналон хæдзарады райрæзты сæйраг рахæцæнтæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеоконференцийы бастдзинады фæрцы архайдта, Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ цы æмбырд сарæзта, уым. Фембæлды архайджытæ æрдзырдтой энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады комплексы куыстуæтты æнæкъуыхцы райрæзты фæлварæн федералон программæ æххæст кæнынил.**



Цæгат Ирыстонæй æмбырды архайæг уыдысты цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министр **Хъараты Тимур**, республикон унитарон куыстуат «Водоканал»-ы генералон директоры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Кцойты Тамерлан**, компани «Газпром межрегионгаз Владикавказ»-ы генералон директор **Хъодзаты Алан** æмæ компани «Севкавказэнерго»-йы директор **Таболты Алыксандр.**

Æмбырды архайджытæ хатдзæгтæ скодтой, Цæгат Ирыстон энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады комплексы куыстуæтты æнæкъуыхцы райрæзты федералон программæ æххæст кæнынил куыд кусы, уымæн. Уыимæ, сæрмагонд æргом аздæхтæуыд цæрæнуатон-коммуналон лæггæдты хæрзхъæддзинад æмæ хардзгонд фæрæзты тыххæй фиддонтæ æмбырд кæныны хъуыддагмæ.

Уыцы фарстайыл дзургæйæ, «Водоканал»-ы минæвар куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2025 азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, лæггæдты фиддонтæ æмбырд кæныны архайд фæрæвдздæр, уымæй размæ азимæ абаргæйæ йыл бафтыд 20 проценты бæрц. Афтæмæй æппæт фæлхасгæнджыты фиддонты æмвæзад схæццæ 91 процентмæ. Ахæм фæткыл сæ куыст аразынц иннæ энергетикон æмæ коммуналон компанитæ дæр: бæстонгонд цæуынц фæлхасгæнджыты тыххæй бæрæггæнæнтæ, архайд цæуы æппæт коммуналон фиддонтæ иу квитанцийы фæрцы кæнынил æмæ афтæ дарддæр.

– Амынд федералон программæ æххæст кæнынмæ республикæ стыр æргом здахы. Фæстаг цалдæр азы дæргъы профилон ведомствæтæ æмæ энергетикон-коммуналон компанитæ цы ахадгæ куыст бакодтой, уый фæрцы къабазы архайды ныридæгæн ис хуыздæрырдæм ивддзинæдтæ. Цæрæнуатон-коммуналон комплексы объектты модернизаци комкоммæ ахады лæггæдты хæрзхъæддзинадыл, фæлхасгæнджыты æрвылбоны царды уавæрты ныхыладыл. Программæйы уагæвæрдтыл кусгæйæ, уæлдай ахсджиаг у, цæмæй æппæт нысангонд мадзæлттæ афойнадыл æххæстгонд цæуой. Уыимæ, æппæт сæвзæргæ оперативон фарстатæ дæр æнæкъуыхцыйæ хъуамæ лыггонд цæуой. Нæ иумæйаг вазыгджындæр нысан у энергетикон æмæ цæрæнуатон-коммуналон комплексы куыст æнаипдæр, хуыздæр, республикæйы адæмы цардайархайды уавæртæ фæрныгдæр кæнын, – йæ хатдзæджы бафиппайдта Дзанайты Барис.

Зындгонд куыд у, афтæмæй энергетикæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады комплексы куыстуæтты æнæкъуыхцы райрæзты фæлварæн федералон программæ æххæст кæнынил кусынц æртæ цæгаткавказаг регионы. Уыдоны нымæцы Цæгат Ирыстон ис 2022 азæй фæстæмæ региоймы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Бынæттон хиуынаффæйад**

# Фæлгонцадон куыстытæ – Терчы былгæрæтты

**Æрдзон уавæртæ куыддæр фадат раттой, афтæ аразджытæ ногæй бавнæлдтой Дзæуджыхъæуы Терчы былгæрæтты фæлгонцадон куыстытæм. Подрядон организацийы бригад нысангонд архайд æххæст кæны Цæнгæт хидæй фысымуат «Владикавказ»-ы онг уаццагыл.**

Горæты администрацийы пресс-службæйы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, цалцæггæнджытæ ныридæгæн райхæлдтой Терчы былгæроны зæронд къултæ æмæ систой къахвæндæгты ихсыд уæлцъар. Æппæт цæттæгæнæн куыстытæ сæххæст кæнгæйæ, аразджытæ фæзуат æмбæрзын райдыдтой аив къæйдурæй.

Цалцæджы пъланмæ гæсгæ, амынд фæлладуадзæн тæлм ногæй йæ хуыз скалдзæн: бынаты сæвæрдзысты æнцонвадат бандæттæ, æрсадздзысты дзы уынгты рухсыты телыхъæдтæ, быдæттææмбырдгæнæн къоппытæ æмæ афтæ дарддæр. Дарддæр специалисттæ базилдзысты газонтæм, ныссадздзысты дзы ног къутæртæ дæр.

Нырма та уал администраци горæты цæрджытæ æмæ йæ уазджытæм сиды, цæмæй цалцæджы фæзуатæй иуварс бынæттæм рæстæгмæ раивой сæ тезгъойы маршруттæ, уымæн æмæ амынд тæлмы кусы уæззау арæзтадон техникæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, ацы фæзуаты бындурон рацарæзт æххæстгонд цæуы Терчы былгæроны фæлгонцады иумæйаг концепцийы бындурыл.



Хæстæгдæр рæстæг цалцæггæнæн куыстытæ райдайдзысты Дзæуджыхъæуы æндæр фæлладуадзæн бынæтты дæр. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй ацы азы дæргъы фæлгонцадон куыстытæ бакæндзысты 18 фæлладуадзæн тæлмы фæзуатыл.

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Парламентæй**

# Культурæ – адæймаджы сыгъдæг удварны бындур

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты цыппор фарæстæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Æмбырды архайдтой республикæйы Хицауады уæнгтæ, тæрхонадон æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты разамонджытæ, районты бынæттон хиуынаффæйады администрациты сæргълæуджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты минæвæрттæ.



Депутаттæ байхъустой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы бинонты политикæйы тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проектмæ. Æркæсынмæ йæ бацæттæ кодта республикæйы Сæргълæууæг. Документы куыд загъд ис, афтæмæй лæвар хъарм хæринаг лæвæрд цæудзæн цыбыркъух æмæ бирæсывæллонджын бинонты скъоладзаутæн æмæ ахуырдзау фæсивæдæн, æрмæст, раздæр куыд уыд – 18 æмæ 23 азы онг, афтæ нæ, фæлæ, цалынмæ ахуыр кæной, уæдмæ. Ома, документ иуварс кæны кармæ гæсгæ æвæрд гæрæнтæ. Закъоны проект æркæсынмæ рахаста республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Маматы Анджелæ.**

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты социалон политикæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ.** Закъоны проект фидаргонд æрцыд фыццаг бакасты.

Фыццаг бакасты фидаргонд æрцыдысты, республикæйы Хицауад кæй бацæттæ кодта, уыцы дыууæ закъоны проекттæ дæр. Сæ иу – «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийы, карз нозт æмæ, спъирт кæм ис, ахæм продукци розницæйы уæй кæнынæн барадон уаг дæттыны иуæй-иу фарстаты тыххæй» закъоны проект. Раныхасгæнæг уыд хъæууон хæдзарады министры хæдивæг **Къадзаты Игорь.** Документы куыд амынд цæуы, афтæмæй, бирæфатерджын хæдзæрттты фыццаг уæладзгуыты чи æрбынæттон, æхсæнадон хæлцады ахæм кусæндæтты, стæй сæм хæстæг территориты иуæй-иу рæтты карз нозт уæй кæнынæн цæуынц гæрæнтæ æвæрд. Уæвгæ, карз нозт уæй кæныны бар нæ уыдзæн, раздæр куыд уыд, ома, æхсæвы 11 сахатæй райсомы 8 сахатмæ, афтæ нал, фæлæ ныр – æхсæвы 9 сахатæй райсомы 11 сахатмæ. Уыимæ, районты бынæттон хиуынаффæйады оргæнты фæндонмæ гæсгæ, районты хицæн цæрæн бынæтты карз нозт уæй кæныны бар æппындæр нал уыдзæн. Документы нысан у адæмы æнæниздзинад бахъахъхъæнын æмæ нозты аххосæй æрцæуæг мæлыны цаутæ фæкъаддæр кæнын.

Фарстайы фæдыл фиппаинаг уыд депутат **Бæззаты Аланмæ.**

Æмдоклад скодта Парламенты промышленность, транспорт, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат**. Афтæмæй, закъоны проект фидаргонд æрцыд.

Фыццаг бакасты ма фидаргонд æрцыд «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы хъазахъхъæгты æхсæнадтæн паддзахадон æххуысы тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проект. Раныхасгæнæг уыд Парламенты национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдары хæдивæг **Джиоты Георги**. Куыд загъта, афтæмæй закъоны проект хъазахъхъæгтæн дæтты се 'хсæнæй минæвæрттæ æвзарын æмæ сæ паддзахадон æфсæддон службæмæ æрвитыны бар. Докумæнт бацæттæ кодта Парламенты депутатты къорд Парламенты Сæрдары разамындæй. Афтæмæй закъоны проект фидаргонд æрцыд.

Парламенты æмбырд сфидар кодта кадртимæ баст ивддзинæдтæ. Национ политикæ æмæ фæсивæды хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Хъесаты Ирыстон** æппæтуæрæсеон змæлд «Движение первых»-ы регионалон хайады сæргъы кæй æрлæууыд, уымæ гæсгæ Парламентмæ балæвæрдта комитеты сæрдары бынатæй йæ суæгъд кæныны фæдыл курдиат. Комитеты сæрдарæй æргом хъæлæс кæныны уагæй депутаттæ равзæрстой Джиоты Георгийы.

«Хицауады сахат»-ы фæлгæты æмбырды архайджытæ байхъуыстой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы культурæйы райрæзт»-ы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон программæ царды рауадзыны тыххæй» докладмæ. Раныхасгæнæг уыд культурæйы министр **Гуыдиаты Батрадз**. Куыд загъта, афтæмæй амынд программæ æмæ йæ дæлпрограммæтæ æххæст кæныны нысан у удварны хуыздæр миниуджытыл хæст, амондджын æмæ социалон æгъдауæй бæрнон адæймаг хъомыл кæнын. «Национ проектты фæрцы къухы бафтыд республикæйы æппæт районты культурæйы хæдзæрттæ сног кæнын – кæм бындуронæй сцалцæг кæнын, кæм та ногæй саразын, культурон мадзæлттæн сæ нымæц фæфылдæр æмæ сæ ноджы фæахадгæдæр кæнын. Афтæ, арæзт æрцыд культурæйы цыппар ног хæдзары, 16 та æрцыд бындурон цалцæггонд. Фæхуыздæр сты театр «Саби» æмæ Гергиты Валерийы номыл Аивæдты училищæйы материалон-техникон бындур æмæ сæ гæнæнтæ. Афтæ, фæхуыздæр сты сæ уавæртæ Уырыссаг æмæ Ирон театртæ, Театралон аивады музей æмæ Тугъанты Махарбеджы номыл Аивадон музейæн», – загъта министр æмæ дарддæр ныхас кодта культурæйы бынтæ бахъахъхъæныныл æмæ æрыгон фæлтæры культурæмæ æввахсдæр кæныныл. Куыд загъта, афтæмæй ивгъуыд аз театртæ æмæ музейтæ лæвар бабæрæг кодтой дæс мин адæймагæй фылдæр. Арæзт æрцыд 1 218 культурон мадзалы. «Пушкины картæ» ис æмæ дзы пайда кæнынц 55 560 æрыгон адæймаджы. Йæ раныхасы Гуыдиаты Батрадз йе 'ргом аздæхта культурæйы къабазы лыггæнинаг фарстатæм дæр. Ныхас цыд, музейтæн сæ экспозицитæ фылдæр кæй нæ кæнынц, стæй сæ кæм дарой, нырыккон ахæм æмбæлгæ уавæртæ дæр сын кæй нæй, Гергиты Валерийы номыл Аивæдты училищæйы аразинæг кæй у кафджыты зал, культурæйы иуæй-иу кусæндæттæ ма кæй сты бындуронæй цалцæггæнинаг, сæ материалон-техникон уавæр та – хуыздæрхъуаг, кульурæйы æппæт къабæзты дæр кæй нæй фаг дæсны кусджытæ æмæ æндæр лыггæнинаг хъуыддæгтыл.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты наукæ, ахуырад, культурæ æмæ информацион политикæйы комитеты сæрдар **Еленæ Князева**. Ирон æвзаджы хъысмæтимæ, æмæ йæм кæстæртæ æмхиццæр цæмæй кæной, ахæм мадзæлттæ аразынимæ баст уыд йæ фиппаинаг депутат **Цæгæраты Русланæн**.

Депутаттæ ма фыццаг æмæ дыккаг бакасты цы закъонтæ æмæ закъонты проекттæ сфидар кодтой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты профилон комитетты сæрдартæ **Черчесты Аслан, Качараты Олег, Остъаты Георги,** Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр**.

«Муниципалон сахат»-ы фæлгæты депутаттæ байхъуыстой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Алагиры муниципалон районы социалон-экономикон райрæзты тыххæй» районы сæргълæууæг **Демыраты Вячеславы** докладмæ. Раныхасгæнæг бæлвырд æрдзырдта, ивгъуыд аз район куыд ахицæн кодта, цавæр социалон-экономикон бæрæггæнæнтимæ, ууыл æмæ фæбæлвырд кодта ацы аз сæ размæ æвæрд нысантæ æмæ сæ æххæст кæныны гæнæнтæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

## Дзырды фарн

*Даргъ ныхасæн йæ хъуыды цыбыр у.*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Æмархайды нысантæ**

# «Иугонд Уæрæсе» æмæ Профцæдисты бадзырд

**Парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Цæгат Ирыстоны регионалон хайад æмæ РЦИ-Аланийы Профцæдисты федераци бафыстой æмгуыстады бадзырд.**

Æмархайды бадзырдыл сæ къухтæ бавæрдтой партийы регионалон хайады нымæрдары хæдивæг **Едзойты Марат** æмæ Цæгат Ирыстоны Профцæдисты федерацийы сæрдар **Касаты Таймураз.**




Фæстæдæр Едзойты Марат куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй фидаргонд документы фæрцы зынгæ фæуæрæхдæр уыдзæн «Иугонд Уæрæсе» æмæ Профцæдисты æппæтвæрсыг æмархайд.

«Махæн алкæддæр æнгом æмæ пайдайаг ахастдзинæдтæ уыд профессион цæдисты республикон иугондимæ. Нæ зæрдæ дарæм, регионы фæллойадон коллективтæ æмæ æндæр организациты минæвæрттæ «Иугонд Уæрæсе»-йы адæмон программæ хъомысджындæр кæныны хъуыддагмæ се 'вæрæн кæй бахæсдзысты, стæй йе 'ххæст кæныныл дæр немæ æмхъаруйæ кæй бакусдзысты, ууыл. Нæхицæн иумæйаг нысаныл нымайæм республикæйы адæмы царды уавæрты фæрныгадыл кусын, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн æххуыс кæнын, цыбыркъух адæмыл аудын, æмткæй райсгæйæ та, регионы дарддæры райрæзтæн аккаг фадæттæ аразын», – загъта Едзойы-фырт.

Уыцы хъуыдыимæ разы у Касаты Таймураз дæр.

«Фидаргонд гæххæттæн ахсджиаг нысаниуæг ис. Уый фæрцы бæстондæр хыгъд цæудзысты профессион цæдисты фæндæттæ æмæ фæллойгæнджыты бартæ. Уыцы æууæлтæ хынцгæйæ, бадзырды уагæвæрды сæ бынат ссардтой фæллойы базары нывылады, куысты мызды, алфамбылайы экологон æдасдзинад æмæ æндæр ахæм ахсджиаг фарстатæ», – бафиппайдта Касайы-фырт.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Хуссар Ирыстонæй**

# Хицауады уæнгты сфидар кодтой




**Хуссар Ирыстоны Президент ГАГЛОЙТЫ Аланы указтæй фидаргонд æрцыд республикæйы ног Хицауады уæнгты номхыгъд.**

Зындгонд куыд у, афтæмæй дыууæ къуырийы размæ республикæйы Парламент разыйы дзуапп радта Президентæн, цæмæй Хицауады Сæрдарæй нысангонд æрцæуа **Тадтаты Дзамболат** (ныронг уыд республикæйы премьер-министры хæдивæг).

Ныр та Президенты уынаффæйæ фидаргонд æрцыд Хицауады ног сконд.

Хицауады Сæрдары хæдивæджы – экономикон рæзты министры бынатмæ нысангонд æрцыд **Хъотайты Сæрмæт**.

Юстицийы министр – **Джиоты Алан**, хъахъхъæнынады министр – **Юрий Яровицкий**, мидхъуыддæгты министр – **Мамиаты Эрислав**, граждайнаг хъахъхъæнынады, æнæнхъæлæджы уавæртæ æмæ æрдзон фыдбылызты фæстиуджытæ иуварс кæныны хъуыддæгты фæдыл министр – **Гасситы Ибрагим**, фæсарæйнаг хъуыддæгты министр – **Джиоты Æхсар**, арæзтады, архитектурæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министр – **Цоциты Зауыр**, æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр – **Наниты Сослан,** культурæйы министр – **Мамиаты Григори**, хъæууон хæдзарады министр – **Мамытты Вахтанг**, ахуырад æмæ наукæйы министр – **Плиты Риммæ** æмæ фæллойы министр – **Гаглойты Олег**.

**Нæ уацхæссæг**

**Æмбали имисгæй**

# Колити Виталийæн



Къуæрей размæ дæр ма арв кæдзос адтæй, фалдзостæ – сабур. Уæхæн усми адæймаг фенгъæлуй, цума уотæ уодзæй æноси дæр. Фал нидæнгай сау мегътæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ æма æрвон итигъдадæ æрбалхъивтонцæ кæрæнттæй астæумæ. Дуйне ниттар æй. Комахсæни мæйæ. Æртæ боней размæ арв æваст ферттивта, ниддæгар-дугур кодта æма сæх-сæхæй уарунмæ фæййагайдта. Æви мæмæ кæсгæ уотæ фæккодта, уотæ раги, зумæгон арв ку нæ фæгъгъæр кæнуй?.. Афонæ ин нæма адтæй. Æнафони нийхалдæй бонигъæдæ...

Фæууардта, цалинмæ не 'мбали кирæ хæдзари цорæй рахастонцæ, уæдмæ. Рамардæй финсæг... Æ уæлæбæл дуйней фæстаг надбæл цудæй не 'мбал, нæ хъазар æмкосæг, нæ хæларзæрдæ адæймаг Колити Виталий... Гæр-гæр, гæлæхха, е ба куд? Уомæн куд адтæй уæн?! Некæмæй æруагæс кæнуй, ци берæ мæрддзогойнæ адæн ибæл æрæмбурд æнцæ æ фæстаг надбæл æй рафæндараст кæнунмæ, уонæй еци æверхъау хабар. Фæйнердигæй кæрæдземæн десхузæй дзурдтонцæ хъонцгæнæг адæн, ка ма си кæд фæууидта Виталий, уой: «Тæккæ еу бонæ дæр ма æ хæццæ телефонæй дзурдтон, æма хъæбæр игъæлдзæг адтæй»; «Æз ба ма 'й мæйи разæй фæууидтон фæстаг хатт. Гириз дæр ма ракодтан. Уой æнгъæл ба к' адтæй?!»; «Мадта æз дæр хъæбæр æрæги æ хæццæ рамбалдтæн. Цард уогæ ба ци дессаг æма ци æгъатир æй! Æвгъауи лæг бæргæ адтæй!»; «Уо, Дуйнейискæнæг, табу Дæхецæн. Нур мах ку рамæлæн, уæдта ма нæбæл ка радзордзæнæй? Нæ синх фæсседзæрхуз æй!..»

Уо, уæууæй. Уæд ма мах ба ци зæгъæн?! Æхсæрдæс æма инсæй анзей дæргъци, журнал «Ирæфи» райдайæнæй, еумæ ке хæццæ фæккустан, еци фæлмæнтæ дзорагæ Виталий нæ æнæнгъæлæги ку фæууагъта...

Уал анзей дæргъци ке хæццæ фæккосай, е æнсувæри хузæн исуй. Малити Васо нин уотæ зæгъидæ: «Мах, журнали косгутæ, еу бийнонтæ ан!»

...Айсоми ин æ финсæн стъолбæл сурх деденгутæ ниввардтан æ хузисти хæццæ. Нæ косæнуæттæ æнвæрстæ 'нцæ...

Виталий кабинети дуар алкæддæр игон уидæ, æ рæзти ка рацæуидæ, е 'йбæл фездæхидæ æма ин е стъолæй къанфеттæ фелвасидæ. Уотæ ибæл исахур æнцæ е 'мкосгутæ æма æ зонгитæ, Мухури хæдзари æхсæзæймаг уæладзуги бадгутæ. Ести ходæги хабар ба ма син уæлæнхасæн радзоридæ, уотемæй идзулдæй, сæ медбилти ходгæй рауаиуонцæ. Мæнмæ дæр æрхатидæ, дæ комтæ райадгин кæнæ, ме 'нсувæр, зæгъгæ, фал адгийнагбæл уотæ æхцул нæ дæн, æма уæд фæйнæ цаййи кенæ кофей бацумианæ еумæ рæфтадафони...

Бонигъæдæ абони дæр æнкъардхуз æй, æма мæмæ уотæ кæсуй, цума ардигæй фæстæмæ дæр уотæ уодзæй, нæ раййевдзæй æ хузæ. Нæннæ, нæннæ, ниндæ кæнун дæр гъæуй, æрдзæн æхе фæткитæ æма æгъдæуттæ ес, мах сæмæ неци гъуддаг ес. Уæддæр ме 'уæнгтæ цидæр уæззау ниццæнцæ, мæ хъури буни пъæззу ниббадтæй, издийау мæбæл цидæр уæзуй, сæр ба ресуй æма ресуй, æма ин рæуæнттæ дæр ес. Еци æнтъуснæг уавæри цæбæлдæр сагъæсти ранигъулдтæн, уотемæй кæлидормæ рахизтæн. Дуар игонæй ку рауидтон, уæд, Витали, зæгъгæ, исдзорунмæ гъавтон, фал æй æвваст ралæдæрдтæн, æма мæ зæрдæ ниссæххæтт ласта: «Витали нæбал ес!..» Лæги фарсæй цума еу фæрскъæ фæгъгъудæй, уотæ æнкъарæн нæхе.

Йа, уæууæй, Витали, уой æнгъæл дин ку неке адтæй! Нура ма ци? Ке бон ци æй? Æрмæстдæр уой бæлвурдæй зонун: дæ хузæ берети цæститæбæл уайдзæнæй, дæ хæлар зæрдихатт сæ зæрдити дардзæнæнцæ, дæ рæсугъд æмдзæвгитæ ба – сæ сæри зунди. Махæн æгас дæ, Витали, æма нин æгас уодзæнæ...

...Изæрмелтæ кæнун байдæдта. Ирдгæ æрбагъазта æма мегъæ æрбайсавдæй. Стъалутæ разиндтæнцæ æрвон итигъдади. Еу си ирддæрæй æрттивта иннетæй игъауги. Цума, зæнхонуг адæмæн цидæр зæгъунмæ гъавта. Æви мæмæ кæсгæ уотæ фæккодта... Зæрди азæлдæнцæ де 'ндзæвги аййев зæлтæ: «Æхсæрисæр, Æхсæрисæр...»

**СКЪОДТАТИ Эльбрус, журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор**

**Уыдис ахæм цау**

# Дзуæртты койимæ...

**Дзуæртты койимæ иу хъуыддаг баст у мæ царды, æмæ йын æнæ ракæнгæ нæй. Æрцыд уыцы цау Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг. Уæвгæ, хъуыддаг йæ сæрæй ракæнæм...**

Мин фарастсæдæ цыппор фыццæгæм азы, хæсты райдайæнмæ ма иу фондз-дæс боны куы уыд, уæд æз каст фæдæн æфсæддон скъола.

Мах иу цалдæр ирон лæппуйæ арвыстой Ригæмæ. Иу æмæ ссæдзæм июны нын Ригæйы горæты æфсæддон комендант афицерты галуанмæ хуынды гæххæтт ратта. Хъазыдыстæм, худтыстæм. Нæ ног лейтенанты дарæсыл нæхи цинæй хастам, нæ рæсугъд фæтæн рæттæ æмæ не 'рттиваг цырыхъхъытæ хъыс-хъыс кодтой. Кæуыл нæ æстдæс азы цыд, кæуыл – ссæдз.

Уырыссаг кæфтытæм æз иууыл рæвдз нæ уыдтæн æмæ иуварс бадтæн, цавæрдæр æнæзонгæ командир мæ Кавказæй рафæрс-бафæрс кодта. Уалынмæ дуаргæрон фæзынд ацæргæ капитан, фæурæдта хъазт, тынг хиуылхæцгæйæ фехъусын кодта: «Курын, цæмæй командиртæ æвæстиатæй се 'фсæддон хæйттæм ацæуой». Ме 'фсæддон хай уыдис цæугæдон Неманы былгæрон – Советон Цæдис æмæ Германы арæныл. Фæсæмбисæхсæв ныххæццæ дæн уырдæм. Æнхъæлдтам, хуымæтæджы фæдис у. Ахæм хъуыддæгтæ æфсæддон хæйтты арæх вæййы, фæлæ нын штабы хицау бамбарын кодта, «фалæрдыгæй» цыдæр змæлд ис, зæгъгæ.

Куыддæр æхсæв æмæ бон кæрæдзийæ фæхицæн сты, афтæ арв æмгуыр-гуыр сси. Уый уыдис хæсты фыццаг бон... Стæй уый фæстæ бирæ ахæм бонтæ... Хæсты быдыртæ, æнæхуыссæг æхсæвтæ, уæззау цæф, рог цæфтæ, æфсæддон рынчындæттæ...

Уæдæ ныр та, цы хабары кой ракæнынмæ хъавын, уый.... Цыппор фыццæгæм аз. Фæззæг. Ленинграды облæсты, Старая Руссæ æмæ Полæйы станцæ цы быдырвæндаг иу кæны, уымæ хæстæг знаджы æрхъулайæ рацæйцыдтæн... Иунæгæй...

Иу ран æвиппайды мæ къæхты раз нæмгуытæ зæххы рыг скалдтой... Сыхъуыст сæ цъыввыттытæ. Æрхмæ куыд фæцæйгæпп кодтон, афтæ мæ галиу къах фæцæф. Æрæмбæхстæн, мæ мидæггаг хæдоны дыс тагъд-тагъд рарæдывтон, мæ цырыхъхъы хъусы йæ атъыстон, æмæ ууыл мæ цæфы баст ахицæн.

Æрхмæ дæр та райдыдта æхсын немыцаг автоматчик, æмæ мæм кæд нæмгуытæ хаугæ нæ кодтой, уæддæр мын мæ сæр сисынæн фадат



нæ лæвæрдтой. Уый уыдис «кукушкæ» - бæласыл баст автоматчик. Мæ маузер æхстæвввонг скодтон, фæлæ мын фехсыны фадат нæ уыд... Иу заман гæрæхтæ фенцадысты. Æвæццæгæн, немыцаг загъта, амардтон æй, зæгъгæ.

Æз дæлгоммæ куыд хуыссыдтæн, афтæ мæ къухæй байбын бакъахтон æмæ, маузерæн радарæн мæ къахы цæф дæр ницæмæуал æрдаргæйæ. Арæхстгай мæ рон райхæлдтон æмæ мæхи ставд къалиумæ æрбабастон, куы мæ фæцæф кæной, уæд зæхмæ куыд не 'рхауон, афтæ... Бæрзонд нæзы бæлас мын йæ конд, йæ уындæй цæмæндæр мæ зæрдыл æрлæууын кодта Æхсæрты дзуары бæлæстæй иу... Æмæ (цы æмбæхсон) загътон:

«Йæ Уастырджи, дæ фæдзæхст, де уазæг!..»

Иу цалдæр минуты фæстæ иу-дæс немыцаг салдаты ауыдтон. Уыдон пырхæй æрбацæйцыдысты бæлæсты бынты хъамылгæрдæджы, сырхæфсæддонты агургæйæ.

Мæ маузер æхстæввонг скодтон, мæхи тохмæ бацæттæ кодтон. Сæр нæ фезмæлын кæнгæйæ, цæстытæ разил-базил кодтой бынæй хъæддаг куыйты фæдыл, æмæ додой йæ къона кодта, фыццаг мæ дзы чи федтаид уымæн.

Мæхи бæласмæ нылхъывтон æмæ æнхъæлмæ кастæн, кæд мæ ауынбынат скæнгæйæ, арæхстгай ракастæн. Дзæбæх мæм зынди, бæласы сæр чи бадт, уый, æмæ йæм бахъавыдтæн... Гæрах!

Мæ цинæн кæрон нал уыд, бæласыл дзедзыккайæ куы ауыдтон фашисты, уæд, æмæ, цырд фестгæйæ къуылыхкъуылых азгъордтон, тар хъæды нæхионтæ хæстæгдæр кæм уыдаиккой, уыцырдæм. Æвиппайды сыхъуыст уынæр, немыцаг ныхас... Æрбахæстæг сты... Айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, фæлæ бæласы сæрмæ хизынмæ фæдæн. Бырын уæлæмæ, фæстæмæ дæр нæ кæсын, уайтагъд цъуппыл абадтæн, æхсын. Чысылтыл ма баурæдтон мæхи. Бынæй чи уыд, уыдон фылдæрæйфылдæр кодтой, фæлæ уыцы рæстæджы диссаджы ныв ауыдтон: немыцæгтæ цы фæндагыл цыдысты, уый сæрмæ нæ хæдтæхæг æрæппæрста иу цалдæр рог бомбæйы æмæ фæауууон. Немыц фæпырх сты. Мæ зæрдæ фыр цинæй уæрыккау скафыд, фондзтигъон стъалы куы федтон хæдтæхæджы дæлбазыр, уæд. Афтæ мæм касти, цыма мæ ныртæккæ ацы бæласы сæрæй фелвасдзæн æмæ мæ аскъæфдзæн. Æз бамбæрстон, уый сгарæг хæдтæхæг кæй уыд, æмæ æнхъæлмæ кастæн, цы уыдзæн дарддæр... Иу-фынддæс минуты фæстæ, цы бæласы сæр бадтæн, уымæй чысыл дарддæр фехæлд сармадзаны нæмыг, стæй йæ фæдыл – æмæхст. Немыцæгтæ ныппырх сты алырдæм. Сармадзанты нæмгуыты хæлды æмыр хъæрæй чысыл фæкъуырмайау дæн. Нæмыг-иу хъæды кæм суад, уым-иу бæлас æд бындзæфхæдтæ фæхаста фæйнæрдæм æмæ-иу йæ алыварс, найгæнæн мусау, лæгъзæй аззад.

Нæмгуыты æхситт æмæ се срæмыгъдтыты хъæрæй нæ бамбæрстон, мæ тæккæ фарсмæ бæласыл, йæ цъупмæ æввахс сармадзаны нæмыджы схъис куыд сæмбæлд, уый. Æхсаргардæй æрыгон уис куыд атæхын кæнай, афтæ къалиу ахауын кодта æмæ бæласыл уæлейæ зæбулæй аззад. Мæнæн кæд мæхицæн дæр сармадзаны нæмгуытæй тас уыд, уæддæр, уыдон кæм хæлдысты, уырдæм æхсызгонæй кастæн... Фашисттæ цагъды кодтой... Фæлыгъдысты...

Æрталынг. Фыццаг хатт сулæфыдтæн сæрибарæй. Иу чысыл ма абадтæн бæласы сæр, стæй мæ рон райхæлдтон, бæласыл, бузныг зæгъæгау, ныттыхстæн, сабыргай зæхмæ æрхызтæн æмæ, цалынмæ мæй нæма скаст, уæдмæ мæхи тар хъæдмæ байстон...

Фæстæдæр, хæсты фæстæ Цъамадмæ ссæугæйæ æмæ Æхсæрты хъæдмæ кæсгæйæ-иу æдзух уыцы цау зæрдыл æрлæууыд...

**ХЪАЙТТАТЫ Сергей, «Ирон хабæрттæ», Дзæуджыхъæу, 1998 аз**

**Федералон программæтæ**

# Хъæууон цæрæн бынætты фæрныгадæн

**Хъæуты бындурон райрæзты фæдыл нысанмæарæзт федералон программæйы фæрцы ацы аз Цæгат Ирыстоны райдайдзæн æртæ ахсджиаг социалон объекты арæзтад.**



Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Хъæуууон хæдзарады министрады пресс-службæ.

Ведомствæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, уыцы номхыгъды: Æрæфы районы Цыколайы хъæуы 120-бынатон рæвдауæндоны, стæй Кировы районы Змейкæйы станицæйы 360-бынатон скъола æмæ Культурæйы хæдзары арæзтæдтæ.

«Хъæуты комплексон райрæзты» паддзахадон программæйы фæрцы къæпхæнгай архайд цæуы республикæйы хъæууон цæрæн бынæтты социалон инфраструктурæйы объект-ты дарддæры нывыладыл. Уыимæ, программæйы сæрмагонд æргом здæхт цæуы ахуырадон æмæ хъомыладон кусæндæтты арæзтадмæ. Уыцы-иу рæстæг, национ проект «Бæстæйы хойраджы æдасдзинадæн – технологон бындур»-ы фæлгæты та ахуырадон кусæндæтты агрономон кълæстæ инфтонггонд цæуынц нырыккон технологон фæрæзтæй», – бафиппайдта республикæйы хъæууонхæдзарадыминистры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан**.

**Нæ уацхæссæг**

**Барадон фæтк**

# Тæрхоны раз æрлæууыд...

**Дзæуджыхъæуы Терчыфалейы районы прокуратурæйы зылынгæнæн хатдзæгимæ бынæттон цæрджытæй иуы ныхмæ арæзт уголовон хъуыддагмæ ацы бонты æркаст Советон районы тæрхондон.**




Прокуратурæйы зылынгæнæн хатдзæг хынцгæйæ, тæрхондон нæлгоймаджы банымадта азымджыныл УФ-йы Уголовон кодексы 228.1-æм статьяйы 4-æм хайы («Наркотикон буаргъæдты стыр бæрцытæ апарахат кæныны фæлтæрæн») бындурыл æмæ йын снысан кодта колонийы 8 азы фæбадын.

Оперативон-агурæн мадзæлтты фæрцы куыд сбæрæг, афтæмæй гуырысхойаг 2025 азы фæззæджы йе 'мдзæхдонтæй райста наркотик. Фæстæдæр уыцы буаргъæд хæйттæй гуырысхойаг бамбæхста рагагъоммæ нысангонд бынæтты Дзæуджыхъæуы.

Ахæм æнæзакъон архайдæн кæрон сæвæрдтой пъæлицæйы оперативон кусджытæ. Уыдон нæлгоймагыл куы фæгуырысхо сты, уæд æм баджигул кодтой. Уымæн йæхимæ дæр разынд наркотиктæ, хъылмайы иннæ хай та æмбæхсæн бынæттæй систой.

Ныр азымджын хæстæгдæр 8 азы тæрхондоны уынаффæйæ арвитдзæн карз фæткы колонийы. Уымæй уæлдай, паддзахады пайдайæн ист æрцыд, йæ фыдвæндтæ цы телефоны фæрцы æххæст кодта, уый.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

## 2 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.50 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Ландыши» 16+
00.00 Время героев 16+
01.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.05, 03.30 Т/с «Потерянный ключ» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Я буду помнить» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Первый отдел» 16+
22.10 Т/с «Лепила» 16+
00.35 «Ч.Т.Д» с Маргаритой Симоньян 16+
01.10 Т/с «Киллер» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 06.00, 06.40, 07.20, 04.30 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
08.05 Фирменный рецепт 12+
08.40 Знание-сила 12+
09.30, 10.25, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-2» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 20.00, 20.35, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Д/ф «Сочи. Вилла «Надежда» 16+
07.05 Х/ф «Моя любовь» 0+
08.30 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
09.00 Черные дыры. Белые пятна 16+
09.40, 16.40 Семидесятые 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.35 ХХ Век 16+
12.45 Новости Подробно. Арт 16+
13.00 Кристальные истории 16+
13.15, 23.05 Д/ф «Человек и лодка» 16+
14.00, 00.05 Х/ф «Рожденная революцией» 16+
15.35 Агора 16+
17.25 Рассказы из русской истории 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Линия жизни 16+
21.35 Сати. Нескучная классика... 16+
22.20 Т/с «Без вины виноватые» 6+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Биатлон с Дмитрием Губерниевым 12+
06.30 Дело № 12+
07.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 12.05, 22.00, 01.00 Все на Матч! 12+
08.55, 18.15 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
09.55 Легкая атлетика. ПСБ Чемпионат России в закрытых помещениях. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
12.35 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Матч! Парад 6+
15.00 Непобедимый 12+
15.35 Смешанные единоборства. UFC. Брэндон Морено против Лонэ Каваны. Трансляция из Мексики 16+
16.55 Громко. Прямой эфир
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. ЦСКА-«Автомобилист» (Екатеринбург). Прямая трансляция
22.50 Футбол. Чемпионат Испании. «Реал» (Мадрид)-«Хетафе». Прямая трансляция
02.00 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из Узбекистана 12+
04.00 Новости 0+
04.05 Д/ф «Куртуа. Возвращение» 12+
05.30 Лыжные гонки. ФосАгро Чемпионат России. Командный спринт. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.10, 05.30 Смех, дрожь и видео 16+
08.45 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
10.45, 00.35 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Метод уборщицы» 12+
16.55 Д/ф «Фанера» 16+
18.10, 20.00 Х/ф «Приют счастья» 16+
22.35 10 самых... 16+
23.05 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.50 Д/ф «Тайная комната» 16+
01.30 Д/ф «Горький аншлаг» 16+
02.10 Д/ф «Женщины разведки. Свои среди чужих» 16+
04.20 Д/ф «Станислав Ростоцкий. На разрыве сердца» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.40 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.15 Д/ф «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.25 Д/ф «Порча» 16+
12.55, 01.20 Д/ф «Знахарка» 16+
13.30, 01.45 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 02.15 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Темное прошлое» 16+
19.00 Х/ф «Ведьмина любовь» 16+
04.20 Х/ф «Одна за всех» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.10, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Безумные факты 16+
17.00, 01.15 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Торнадо» 16+
22.00, 23.30 Х/ф «Выжить любой ценой» 16+

### СТС
06.00 М/ф «Маша и медведь» 0+
06.10 100 мест, где поесть 16+
06.55 Т/с «Мама будет против» 16+
14.20 Тайный миллионер 16+
16.25, 20.00, 20.30 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
21.00 Х/ф «Досье черная канарейка» 16+
23.05 Х/ф «Красотка на всю голову» 16+
01.20 Х/ф «Дневник Бриджит Джонс» 18+
02.45 Х/ф «При чем тут Любовь?» 16+
04.30 Х/ф «Мой лучший любовник» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
09.00 Выжить в Стамбуле 16+
20.00, 20.25 Т/с «Мотай» 16+
21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Телохранители» 16+
23.00 Х/ф «Быть» 12+
01.10 Х/ф «Любовь-Морковь» 16+
02.55, 03.40, 04.30 Однажды в России 16+
05.00 Утро на ТНТ 16+

## 3 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.50 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Ландыши» 16+
00.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.05, 03.30 Т/с «Потерянный ключ» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Я буду помнить» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.35, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Новая земля» 16+
22.10 Т/с «Лепила» 16+
00.35 Захар Прилепин. Уроки русского 12+
01.10 Т/с «Киллер» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.30, 06.10, 04.45 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
06.50, 07.35 Они потрясли мир 16+
08.25 Страна советов 16+
09.30 Т/с «Великолепная пятерка-2» 16+
10.20, 11.15, 12.05, 13.30, 14.20, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.55, 20.40, 21.25, 02.05, 02.40, 03.30, 04.10 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Д/ф «Нерчинск. Дворец Бутина» 16+
07.05 Диалоги о животных 16+
07.45 Театральная летопись. Ия Саввина 16+
08.15 Д/ф «Первооткрывательницы» 16+
08.55, 22.20 Т/с «Без вины виноватые» 6+
09.40, 16.40 Семидесятые 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.35 ХХ Век 16+
11.50, 02.05 Д/ф «Дом полярников» 16+
12.45 Новости Подробно. Книги 16+
13.00 Оттепель. В добрый час. Татьяна Доронина. Рассказывает Анастасия Дьячук 16+
13.15, 23.05 Д/ф «Человек и лодка» 16+
14.00, 00.05 Х/ф «Рожденная революцией» 16+
15.30 Сати. Нескучная классика... 16+
16.15 Д/ф «Коллекция» 16+
17.15 Кино о кино 16+
18.00 Оперные дивы. Екатерина Сергеева 16+
18.40 Д/ф «Расул Гамзатов. Страна любви» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Искусственный отбор 16+
21.30 Больше, чем любовь 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Лыжные гонки. ФосАгро Чемпионат России. Командный спринт. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
09.00 Лыжная страна 16+
09.40 Легкая атлетика. ПСБ Чемпионат России в закрытых помещениях. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
12.05, 18.15, 22.00, 01.00 Все на Матч! 12+
12.35 Специальный репортаж 12+
12.55, 15.30 Новости
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Человек из футбола. Алексей Смертин 12+
15.00 Непобедимый 12+
15.35 Смешанные единоборства. UFC. Джаред Каннонир против Кайо Борральо. Трансляция из США 16+
16.55 Д/ф «Месси» 12+
19.45 Футбол. Fonbet Кубок России. Путь регионов. 1/4 финала. «Балтика» (Калининградская область)-«Зенит» (Санкт-Петербург). Прямая трансляция
22.30 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. «Барселона»-«Атлетико». Прямая трансляция
02.00 Художественная гимнастика. Чемпионат России. Трансляция из Москвы 6+
03.00 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
04.00 Новости 0+
04.05 Д/ф «Куртуа. Возвращение» 12+
05.30 Матч! Парад 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
10.35, 04.20 Д/ф «Валентина Толкунова. Половины счастья мне не надо...» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Метод уборщицы» 12+
16.55, 01.30 Д/ф «90-е» 16+
18.10, 20.00 Х/ф «Приют счастья» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.05 Д/ф «Чужой муж» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Суд истории. Деньги перестройки» 16+
02.10 Д/ф «Русские тайны» 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.30 Д/ф «Порча» 16+
12.55, 01.25 Д/ф «Знахарка» 16+
13.30, 01.50 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.05, 02.20 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Х/ф «Соловейка» 16+
19.00 Х/ф «Ведьмина любовь» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.25, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна с Игорем Прокопенко 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 100 вопросов обо всем 16+
17.00, 01.25 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Карающая длань» 16+
22.05, 23.30 Х/ф «Девять жизней» 16+

### СТС
06.00, 05.45 М/ф «Маша и медведь» 0+
06.20 100 мест, где поесть 16+
07.10 Т/с «Киловаттино» 16+
16.00, 20.00, 20.30 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
21.00 Х/ф «Сорвиголова» 16+
23.00 Х/ф «Притворись моим мужем» 16+
01.00 Х/ф «Бриджит Джонс. Грани разумного» 16+
02.40 Х/ф «Красотка на всю голову» 16+
04.20 Х/ф «Временно беременна» 16+

### ТНТ
07.00, 07.30, 08.00, 08.30, 09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 05.50, 06.20, 06.40 Т/с «СашаТаня» 16+
19.00, 19.30, 20.00, 20.25 Т/с «Мотай» 16+
21.00, 21.30, 22.00, 22.30 Т/с «Телохранители» 16+
23.00 Х/ф «Тополиный пух» 18+
00.50 Х/ф «Любовь-Морковь-2» 16+
02.25, 03.10, 04.00 Однажды в России 16+
05.00 Утро на ТНТ 16+

## 4 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 Модный приговор 0+
10.15 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 18.30 Время покажет 16+
14.00, 17.00, 22.50 Большая игра 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское/Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Ландыши» 16+
00.00 Шоу Вована и Лексуса 16+
01.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 11.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
12.00, 18.00 60 минут 12+
14.30, 02.05, 03.30 Т/с «Потерянный ключ» 12+
17.00 Малахов 16+
21.30 Т/с «Я буду помнить» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.55 Канал «Россия 1»
11.30 Местное время. Вести-Алания
11.55 Канал «Россия 1»
21.10 Местное время. Вести-Алания
21.30 Канал «Россия 1»
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.40, 08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.15 Сегодня
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Новая земля» 16+
22.10 Т/с «Лепила» 16+
00.35 Мы и наука. Наука и мы 12+
01.40 Т/с «Киллер» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00 Известия 16+
05.25, 05.45, 06.25, 07.05, 07.55, 09.30, 04.35 Т/с «Великолепная пятерка-7» 16+
08.30 Стройнадзор 16+
09.40, 10.35, 11.25, 12.15, 13.30, 13.40, 14.25, 15.15, 16.05 Т/с «Великолепная пятерка-3» 16+
17.30, 18.20, 19.05, 19.55, 20.35, 21.25, 02.05, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
22.20, 01.15 Т/с «Свои-7» 16+
23.05, 00.30 Т/с «Свои-5» 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Д/ф «Балаково. Особняк Паисия Мальцева» 16+
07.05 Диалоги о животных 16+
07.45 Театральная летопись. Ия Саввина 16+
08.15 Д/ф «Первооткрывательницы» 16+
08.55, 22.20 Т/с «Без вины виноватые» 6+
09.40, 16.40 Семидесятые 16+
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.50 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.15, 01.40 ХХ Век 16+
12.45 Новости Подробно. Кино 16+
13.00 Оттепель. В добрый час. Татьяна Лаврова. Рассказывает Дарья Урсуляк 16+
13.15, 23.05 Д/ф «Человек и лодка» 16+
14.00, 00.05 Х/ф «Рожденная революцией» 16+
15.30 Больше, чем любовь 16+
16.15 Библейский сюжет 16+
17.15 Кино о кино 16+
18.00 Оперные дивы. Альбина Шагимуратова 16+
19.00 Д/ф «Володарск. Терем Бугрова» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Абсолютный слух 16+
21.35 Власть факта 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 12.55, 15.30 Новости
06.05, 11.35, 16.55, 01.00 Все на Матч! 12+
07.30 Лыжные гонки. ФосАгро Чемпионат России. Эстафета. Женщины. Прямая трансляция из Южно-Сахалинска
09.40, 12.35 Специальный репортаж 12+
10.00 Дело № 12+
10.30 Смешанные единоборства. UFC. Брэндон Морено против Лонэ Каваны. Трансляция из Мексики 16+
13.00 Есть тема! Прямой эфир
14.25 Вид сверху 12+
15.00 Непобедимый 12+
15.35 Смешанные единоборства. UFC. Джон Джонс против Стипе Миочича. Трансляция из США 16+
18.15 Футбол. Fonbet Кубок России. Путь регионов. 1/4 финала. «Ростов» (Ростов-на-Дону)-«Динамо» (Махачкала). Прямая трансляция
20.30 Футбол. Fonbet Кубок России. Путь РПЛ. 1/2 финала. ЦСКА-«Краснодар». Прямая трансляция
22.50 Футбол. Кубок Испании. 1/2 финала. «Реал Сосьедад»-«Атлетик». Прямая трансляция
02.00 Дзюдо. Мировой тур. Турнир «Большого шлема». Трансляция из Узбекистана 12+
04.00 Новости 0+
04.05 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Бетсити Парма» (Пермский край)-«Енисей» (Красноярск) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Я знаю твои секреты» 12+
10.35, 04.20 Д/ф «Татьяна Доронина. Одиночество королевы» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50, 02.50 Т/с «Анатомия убийства» 12+
13.45, 05.00 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Метод уборщицы» 12+
16.55 Д/ф «90-е» 16+
18.10, 20.00 Х/ф «Приют счастья» 16+
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 Хроники московского быта 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Настоящий детектив» 16+
01.30 Д/ф «90-е» 18+
02.10 Мифы о еде 16+
05.35 Москва резиновая 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.40 По делам несовершеннолетних 16+
07.30, 04.50 Давай разведемся! 16+
08.30, 02.45 Тест на отцовство 16+
10.45, 23.20 Д/ф «Понять. Простить» 16+
11.50, 00.30 Д/ф «Порча» 16+
13.00, 01.25 Д/ф «Знахарка» 16+
13.35, 01.50 Д/ф «Верну любимого» 16+
14.10, 02.20 Д/ф «Голоса ушедших душ» 16+
14.45 Х/ф «Время жениться» 16+
19.00 Х/ф «Горький шоколад» 16+
04.25 Х/ф «Одна за всех» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 00.35, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир с Тимофеем Баженовым 16+
12.00, 16.00, 19.00 Информационная программа 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Момент в истории 16+
17.00, 01.35 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Форсаж. Евротур» 16+
22.10, 23.30 Х/ф «Лофт» 16+

### СТС
06.00, 05.35 100 мест, где поесть 16+
07.40 Т/с «Положение вещей» 16+
16.00, 20.00, 20.30 Т/с «Солнце, море, два ствола» 16+
21.00 Х/ф «Зачетная принцесса» 16+
23.10 Х/ф «Оторва» 16+
01.05 Х/ф «Бриджит джонс-3» 18+
03.00 Кино в деталях с Федором Бондарчуком 18+
03.50 Х/ф «Дикое сердце» 12+
05.15 М/ф «Маша и медведь» 0+

### ТНТ
